

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kumpulan carpon *Haté Awéwé* mangrupa kumpulan carpon anu ditalungtik ngaliwatan kritik idéologis féminisme. Tina sababaraha kumpulan carpon, baris dijéntrékeun dumasar kana hasil analisis nu geus ditilik, saperti struktur carita anu ngawengku téma carita, fakta carita (alur, latar, tokoh jeung panokohan), jeung anu utamana mah nya éta tilikan féminismena.

5.1.1 Téma

Tina genep carpon, téma anu nyampak nya éta masalah sabudeureun imah (konvensional-doméstik) jeung leuwih jembar di luareun imah (inkonvensional-mutahir), di antarana patali jeung aspek agama, sosial, ekonomi, pulitik, hukum, budaya, jeung masalah kulawarga.

5.1.2 Fakta Carita

1. Galur

Galur dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* aya anu méréle jeung mobok tengah, teu kapanggih alur pandeuri tiheula dina carpon anu ditalungtik. Galur anu méréle nyaéta carpon “*Santi*”, “*Puasa, Bulan Puasa*”, “*Indung Téré*”, “*Kidung na Haté Indung*”, jeung “*Caleg*”. Sedengkeun “*Samagaha*” mah alurna mobok tengah.

2. Latar

Latar nu kapanggih dina unggal carpon nu aya dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* nya éta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat nuduhkeun tempat kajadian hiji perkara, latar waktu nuduhkeun iraha lumangsungna kajadian, jeung latar sosial nuduhkeun kalungguhanana di masarakat.

3. Tokoh Jeung Panokohan

1) Tokoh

Tokoh anu aya dina unggal carpon nyaéta tokoh utama, tokoh tambahan, tokoh protagonis, tokoh antagonis, tokoh basajan, tokoh buleud, tokoh statis, tokoh mekar, tokoh tipikal, jeung tokoh nétral. Tokoh tipikal jeung tokoh nétral mah jarang kapanggih dina carpon nu ditalungtik.

2) Panokohan

Unggal tokoh dina unggal carpon miboga panokohan anu ngagambarkeun karakterna séwang-séwangan anu muncul dina paguneman jeung monolog carita. Dina unggal paguneman atawa monolog, katitén ayana paripolah anu nunjukkeun karakteristik pasipatan anu nyampak dina diri tokoh-tokoh. Ku sabab dipatalikeun jeung féminisme, aya tokoh anu ngarojong kana unsur féminisme tokoh atawa disebut pro féminis, aya ogé anu teu ngarojong kana unsur féminisme nu dipiboga ku tokohna nyaéta tokoh nu kontra kana féminis.

Tokoh anu pro féminis dina carpon *Santi* nyaéta Bu Marni, sésana kontra kana peran Bu Marni anu miboga niley féminis. Pro féminis dina carpon *Puasa*,

Damalia Suci Asihna, 2013

Kalungguhan Tokoh Wanoja Dina Kumpulan Carpon Hate Awewe Karangan Rismawati (Tilikan Fenimisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bulan Puasa nya éta Ema jeung Marliah. Anu séjénna kontra kana féminis, ku sabab pagawéan Marliah nu jadi PSK, kaasup Enung. Dina carpon *Indung Téré* anu pro kana féminisme nyaéta Tati nu miboga tarékah ngarobah citra indung téré, sésana kontra sabab nganggap yén indung téré téh galak.

Dina carpon *Kidung na Haté Indung*, tokoh anu karakterna kagambarkeun salaku pro féminis nyaéta sakabéh tokoh wanoja dina carpon ieu. Karakter anu kontra féminis nyaéta Mang Didin salakina Bi Emin anu dinilai teu tanggung jawab.

Tokoh dina carpon *Samagaha* anu pro féminis nya éta Romlah, Um Maman, jeung bapana Ita. Sésana ti pro féminis nyaéta tokoh anu kontra kana pagawéan Romlah salaku kontra féminis. Dina carpon *Caleg*, sakabéh tokoh pro kana féminisme, sabab ngarojong kana kuota 30% caleg awéwé.

5.1.3 Kalungguhan Tokoh Wanoja: Tilikan Féminisme

Tilikan féminisme anu nyampak mibanda citra jeung stereotipe wanoja anu béda-béda, gumantung kana carpon anu aya. Tina genep carpon, kapanggih ayana peran wanoja salaku randa dina Carpon *Santi*, *Puasa*, *Bulan Puasa*, jeung *Samagaha*, nu unggal tokoh dina carpon nembongkeun sikep salaku randa jeung kaputusan tina masalah agama, sosial, ekonomi nu nyampak dina kahirupanana nu ngabalukarkeun katugenah ka anggota kulawargana, pangpangna mah anak-anakna. Peran wanoja nu jadi PSK aya dina carpon *Puasa*, *Bulan Puasa*, jeung *Samagaha* anu ngabalukarkeun sikep apilain ti masarakat sakurilingna.

Dina carpon *Indung Téré*, kapanggih tarékah wanoja sangkan bisa ngarobah citra indung téré. Carpon *Kidung na Haté Indung* nembongkeun forum obrolan ibu-ibu ngeunaan KB ngaliwatan kahirupan Bi Emin. Sedengkeun carpon *Caleg*, katilik ayana rojongan tina sakabéh pihak partéy ngeunaan kuota 30%

caleg wanoja. Tuluy tokoh Mila némbongkeun niatanana anu hadé pikeun jadi caleg.

5.2 Saran

Saran dina panalungtikan ieu disusun pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung hasil panalungtikan, diantarana nyaéta pikeun para pamaca, pangarang, jeung panalungtik satuluyna.

5.2.1 Pamaca

Pikeun para pamaca dipiharep bisa leuwih apal kana karya sastra anu dilarapkeun kana kritik sastra, contona dina panalungtikan ieu anu matalikeun karya sastra jeung kritik sastra féminisme.

5.2.2 Pangarang

Pikeun pangarangna dipiharep bisa numuwuhkeun sumanget dina nyieun karyana, hususna anu aya patalina jeung kalungguhan wanoja sangkan bisa nepikeun pamaksudanana ka para pamaca ngeunaan wanoja ngaliwatan karya sastrana supaya bisa dijadikeun eunteung dina kahirupan.

5.2.3 Lembaga Paélmuan Sastra

Pikeun lembaga paélmuan sastra sangkan bisa ngahudangkeun deui kahayang pikeun nalungtik karya sastra ngaliwatan kajian sastra jeung kritik sastra, hususna dina panalungtikan ieu anu nalungtik ngaliwatan pamarekan kritik sastra féminisme.

Damalia Suci Asihna, 2013

Kalungguhan Tokoh Wanoja Dina Kumpulan Carpon Hate Awewe Karangan Rismawati (Tilikan Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.2.4 Panalungtik

Pikeun panalungtik anu satuluyna dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun tatapakan pikeun nalungtik karya sastra nu leuwih jembar deui, hususna pikeun ulikan kritik sastra féminisme.



Damalia Suci Asihna, 2013

Kalungguhan Tokoh Wanoja Dina Kumpulan Carpon Hate Awewe Karangan Rismawati (Tilikan Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu